

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

Dina ieu bab baris dipedar ngeunaan désain panalungtikan, sumber data, prosedur panalungtikan, instrumén panalungtikan, tèhnik panalungtikan, tèhnik ngumpulkeun data, tèhnik analisis data, uji sipat data, uji normalitas , jeung uji hipotèsis.

3.1 Désain Panalungtikan

Ieu panalungtikan kaasup kana panalungtikan kuantitatif kalawan métode kuasi ékspérimén. Ieu métode digunakeun salaku ékspérimén pikeun nguji modél Round Table dina nulis artikel.

Dina ieu panalungtikan digunakeun pamarekan kuantitatif kalawan métode kuasi ékspérimén. Nurutkeun Nazir (2014, kc 73) métode kuasi ékspérimén atawa disebut ogé ékspérimén semu, nyaéta hiji panalungtikan ngagunakeun kelas ékspérimén kalawan henteu maké kelas kontrol. Métode kuasi ékspérimén dibagi jadi tilu rupa, nyaéta: 1) one shot case study; 2) pre-test and post- test; 3) static group comparison (Arikunto, 2013, kc. 123)

Luyu jeung tiori Arikunto (2013, kc. 124) désain anu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta One Group PreTest-PostTest Design. Dina ieu désain panalungtikan dilaksanakeun 2 kali, nyaéta pretest dilaksanakeun saméméh maké modél Round Table jeung posttest dilaksanakeun sanggeus maké modél Round Table. Desain ieu panalungtikan dijéntrékeun saperti tabél ieu di handap.

Tabél 3.1 Désain Panalungtikan

$O_1 \text{ X } O_2$

(Arikunto, 2013, kc. 124).

Keterangan:

O_1 = *Pretest* (tés awal nu dilaksanakeun saméméh ékspérimén)

X = *Treatment* (*perlakuan* pangajaran nulis artikel maké modél pangajaran Round Table)

O_2 = *Posttest* (tés ahir nu dilaksanakeun sanggeus ékspérimén)

3.2 Sumber Data


Ieu panalungtikan dilaksanakeun di SMA Negeri 6 Kota Cimahi anu aya di Jl. Melong Raya No 172 Cijerah, Cimahi Selatan, Kota Cimahi, Jawa Barat. Anu jadi sumber data dina ieu panalungtikan nya éta kelas XII IPA-1 SMA Negeri 6 Kota Cimahi Taun Ajar 2023/2024.

Tabél 3.2 Sumber Data

Kelas	Wanda Boga	Jumlah
XII IPA-1	Lalaki	14
	Awèwè	21
Jumlah		35

3.3 Prosedur Panalungtikan

Pamarekan anu dipaké nyaéta pamarekan kuantitatif anu ngagunakeun métode kuasi ékspérimén, desain anu dipaké nyaéta désain pre-test and post-test group design. Prosedur panalungtikan bakal ditétélakeun dina bagan saperti ieu di handap.



Bagan 3.1 Prosedur Panalungtikan

Prosedur panalungtikan dijéntrékeun deui saperti ieu:

- a. Masalah anu karandapan dina pangajaran nulis artikel nyaéta saméméh ngalaksanakeun panalungtikan, panalungtik ngayakeun wawancara jeung guru Basa Sunda SMA Negeri 6 Kota Cimahi ngeunaan masalah anu karandapan di kelas nalika nepikeun matéri ajar artikel hususna di kelas XII IPA-1 luyu jeung kurikulum anu digunakeun nyaéta kurikulum 2013 revisi 2017. Dina ieu panalungtikan ngagunakeun dua variabel, nyaéta variabel bèbas jeung variabel kauger. Variabel bèbas nyaéta variabel anu mangaruhan kana variabel lianna. Ari variabel kauger nyaéta variabel anu dipangaruhan ku variabel bèbas. Dina ieu panlungtikan anu jadi variabel bèbas nyaéta modél pangajaran *Round Table*. Ari variabel kaugerna nyaéta kamampuh siswa kelas XII IPA-1 SMA Negeri 6 Kota Cimahi dina nulis artikel.
- b. Rumusan masalah anu katitén sabada ngaidéntifikasi masalah, panalungtik ngarumuskeun masalah dumasar kana pasualan anu karandapan nyaéta kamampuh nulis artikel di kelas XII IPA-1 SMA Negeri 6 Kota Cimahi.
- c. Raraga tiori
- d. Ngarumuskeun hipotésis
- e. Ngarumuskeun instrumén
- f. Ngumpulkeun data sabada kapanggih masalah anu aya di SMA Negeri 6 Kota Cimahi kelas XII IPA-1 Taun Ajar 2023/2024, tuluy panalungtikan ka kelas. Fungsina pikeun ngumpulkeun data. Téhnik anu dipaké pikeun ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nyaéta téhnik tés. Tés dilakukeun dua kali, nulis téks artikel nyaéta saméméh ngagunakeun modél *Round Table* jeung sabada ngagunakeun modél *Round Table*. Pre-test dilakukeun saméméh *treatment*, tujuanna pikeun mikanyaho kamampuh siswa saméméh ngagunakeun modél *Round Table*, sedengkeun post-test dilaksanakeun sabada *treatment* anu tujuanna pikeun mikanyaho kamampuh siswa nulis téks artikel sabada ngagunakeun modél *Round Table*.

Anapon léngkah-léngkah anu dilaksanakeun dina ngumpulkeun data nyaéta ieu di handap.

- 1) Siswa dibéré tés awal pikeun ngukur kamampuh siswa dina nulis artikel saméméh ngagunakeun modél *Round Table*.
 - 2) Sabada mikanyaho hasil nulis artikel saméméh ngagunakeun modél *Round Table*, panalungtik nataharkeun naon waé anu dibutuhkeun nalika prosés pangajaran nulis artikel kalayan ngagunakeun modél *Round Table*.
 - 3) Nepikeun matéri nulis artikel kalawan ngagunakeun modél *Round Table* dina lumangsungna prosés pangajaran. Ieu kagiatan disebut treatment (perlakuan).
 - 4) Sabada ngalaksanakeun treatment, siswa dibéré tés ahir pikeun mikanyaho kamampuh siswa dina nulis artikel sabada ngagunakeun modél *Round Table*.
- g. Analisis data panalungtik miboga pancén pikeun nganalisis data ku cara ngagunakeun rumus-rumus statistik ngaliwatan aplikasi *SPSS PASW versi 18*.
- h. Nyusun laporan panalungtikan sabada tatahar, ngalaksanakeun panalungtikan, jeung ngaanalisis data, panalungtik nyusun laporan panalungtikan.

3.4 Instrumèn Panalungtikan

Nurutkeun Arikunto (2013, kc.203) yèn instrumèn panalungtikan tèh nyaéta alat atawa fasilitas anu digunakeun ku panalungtik dina ngumpulkeun data sangkan leuwih gampang, hasilna leuwih hadè, leuwih lengkep, jeung leuwih sistematis dina ngolah datana.

Jenis instrumèn dina ieu panalungtikan nyaéta instrumèn tès anu mangrupa alat dina ngumpulkeun data anu miboga sipat pikeun ngukur jeung ngahasilkeun data hasil ukur. Arikunto (2013, kc. 193) nètélakeun yèn tès mangrupa runtuyan patalèkan atawa latihan anu dipakè pikeun ngukur kaparigelan, pangaweruh, kamampuh, atawa bakat anu dipiboga ku individua tawa kelompok. Dina ngumpulkeun data kamampuh nulis artikel jenis tès anu baris dilaksanakeun nyaéta *pretest* jeung *posttest*. Kamampuh nulis artikel ditilik tina aspèk struktur artikel, basa tulis tina artikel anu ngawengku ejahan (ngagunakeun tanda baca, ngalarapkeun jeung ngabédakeun e, è jeung eu), diksi (pilihan kecap atawa kekecapan anu merenah), jeung pola midangkeun artikel anu ngawengku kabasaan

sarta eusi tina tulisan, karapihan tulisan, jeung hubungan unggal paragraph dina artikel.

Soal tès dina ieu panalungtikan tèh nyaéta ngagunakeun lembar soal nu eusina ngawengku soal uraian dina wangun paréntah. Tès anu digunakeun dina ieu panalungtikan digambarkeun dina wangun format soal *pretest* jeung *posttest*.

3.5 Téhnik Ngumpulkeun Data

Tèhnik tes dijadikeun pikeun ngumpulkeun data anu mangrupa tès tulis. Tès tulis anu bakal dipeunteun tèh eusina ngawengku struktur artikel, basa tulis dina artikel, jeung pola midangkeun tèks artikel. Tèhnik anu dilaksanakeun nyaéta tès awal (*pretest*) jeung tès ahir (*posttest*). Tèhnik tès dina ieu panalungtikan tèh pikeun ngukur kamampuh siswa dina nulis artikel saméméh dilarapkeun modèl pangajaran *Round Table* jeung sanggeus dilarapkeun model pangajaran *Round Table*. Hasil tina dua tès ieu tèh dibandingkeun pikeun mikanyaho ngaronjat henteuna kamampuh siswa dina nulis artikel sanggeus dilarapkeun modèl pangajaran *Round Table*.

3.6.1 Téhnik Analisis Data

Ngolah data dina ieu panalungtikan baris dilaksanakeun ngaliwatan tèhnik-tèhnik ieu di handap.

- a) Data nu diolah nyaéta data anu dikumpulkeun ngaliwatan *pretest* jeung *posttest* anu dilaksanakeun ka siswa kelas XII IPA-1 SMA Negeri 6 Kota Cimahi

Mèrè peunteun dumasar kana aspek anu geus ditangtukeun. Nu menteun ieu data nyaéta palungtik ieu sorangan. Rubrik peunteun anu digunakeun saperti ieu dihandap.

Tabél 3.3 Skala Skor Nulis Artikel

No.	Aspék nu dipeunteun		Skor	Kritéria
1.	Struktur artikel	Kasang tukang	15	Aya kalimah nu ngajelaskeun ngeunaan kasang tukang artikel
		Orientasi Masalah	15	Aya kalimah nu ngajelaskeun ngeunaan orientasi masalah

Rafi Din Durrani, 2023

MODÉL PANGAJARAN ROUND TABLE DINA PANGAJARAN NULIS ARTIKEL (STUDI KUASI ÉKSPÉRIMÉN DI KELAS XII IPA 1 SMA NEGERI 6 KOTA CIMAHI TAUN AJAR 2022/2023) Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

		Gambaran Umum	10	Aya kalimah nu ngagambarkeun sacara umum	
2	Basa Tulis dina Artikel	Pilihan Kecap	1-20	17-20	Hadè pisan (pilihan kecapna saluyu jeung merenah)
				13-16	Hadè (pilihan kecapna saluyu tapi teu merenah)
				9-12	Sedeng (pilihan kecapna kurang saluyu)
				5-8	Kurang (pilihan kecapna kurang saluyu jeung teu merenah)
				1-4	Kurang pisan (teu asup, butuh bimbingan husus)
		Èjahan	1-20	17-20	Hadè pisan (ngawasa kana èjahan, kasalahan ngan saeutik)
				13-16	Hadè (ngawasa kana èjahan tapi sakapeung so kaya kasalahan dina èjahan)
				9-12	Sedeng (kasalahan dina èjahan mineng kajadian)
				5-8	Kurang (teu ngarti kana èjahan)
				1-4	Kurang pisan (teu asup, butuh bimbingan husus)
		Struktur Kecap	1-10	9-10	Hadè pisan (teu aya kasalahan dina panulisan kecap nalika nulis artikel)
				7-8	Hadè (ngan saeutik kasalahan dina panulisan artikel)
				5-6	Sedeng (loba kasalahan dina panulisan jeung kamalayan)
				3-4	Kurang (teu ngarti kana struktur kecap anu ditulis)
				1-2	Kurang pisan (teu asup, butuh bimbingan husus)
		Struktur Kalimah	1-10	9-10	Hadè pisan (kalimah anu digunakeun saluyu jeung SPOK)
				7-8	Hadè (kalimah anu digunakeun kurang saluyu jeung SPOK tapi aya saeutik kasalahan)

				5-6	Sedeng (kalimah anu digunakeun kurang saluyu jeung SPOK loba kasalahan)
				3-4	Kurang (teu ngarti kana struktur kalimah, loba kasalahan)
				1-2	Kurang pisan (teu asup, butuh bimbingan husus)

Nurgiantoro (dina Kuswari, 2010, kc. 191) kalayan disaluyukeun skor katut kritèriana

Méré peunteun kana hasil *pretest* jeung *posttest* nulis artikel siswa ngagunakeun rumus kalayan skor maksimal 100. Kalayan ngagunakeun rumus saperti ieu di handap.

$$P = \frac{\sum \text{Skor nu kahontal}}{\sum \text{Skor Maksimal}} \times 100$$

Keterangan :
Skor maksimal 100

Tabél 3.4 Skala Peunteun Nulis Artikel

Skala	Katégori
90-100	Hadé Pisan
80-89	Hadé
65-79	Cukup
55-64	Kurang
0-54	Kurang Pisan

b) Skor ahir siswa diasupkeun kana table ieu dihandap.

Tabél 3.5 Kamampuh Nulis Artikel Siswa

No	NA	Kamampuh Nulis Artikel	Σ	P	Katègori

		A	B			
Σ						
X						

Keterangan:

No : Nomer

NA : Nomer Absen

A : Struktur Artikel

B : Basa tulis dina Artikel

Σ : Jumlah Skor

P : Peunteun

X : Rata-rata peunteun

Kategori : Hadé pisan, Hadé, Cukup, Kurang, Kurang Pisan.

Pikeun nangtukeun kritèria peunteun siswa dumasar aspèk eusi artikel jeung basa tulis dina artikel. Ku kituna, kritèria peunteun dumasar aspèk eusi artikel kabagi jadi lengkep jeung teu lengkep kalayan disaluyukeun jeung kritèria skala skor nulis artikel.

3.6.1.1 Uji Sipat Data

Pikeun nguji sipat data dilakukeun ku cara uji normalitas jeung uji homogénitas. Data kuantitatif dina ieu panalungtikan baris dianalisis ku cara maké *software SPSS PASW versi 18. Statistical Product and Service Solutions (SPSS)* nyaéta hiji program anu dipaké pikeun mantuan prosés ngolah, ngitung jeung nganalisis data sacara statistik. Data input anu dianalisis nyaéta hasil pre-test jeung post-test, jeung indeks gain anu salajengna dijabarkeun dina output hasil analisis SPSS.

3.6.1.1.1 Uji Normalitas

Uji normalitas miboga fungsi pikeun mikanyaho normal atawa henteu na data anu dipaké dina ieu panalungtikan. Nurutkeun Sugiyono (2017, kc. 76) hiji data ngawangun distribusi normal nalika jumlah data di luhur jeung di handap rata-rata nyaéta sarua, kitu ogé simpangan baku na. Aya sababarah métode pikeun nguji asumsi normal henteuna data. Salasahiji na nyaéta *Kolmogorov-Smirnov (KS)* atawa *Shapiro Wilk (SW)*. Anapon hipotésis pikeun uji normalitas saperti ieu di handap.

H_1 : distribusi data normal

H_0 : distrtribusi data henteu normal

Uji normalitas dilakukeun ku cara uji *Kolmogorov-Smirnov*, ku taraf signifikan 95% ($\alpha=0,05$). Kritéria ngujina saperti kieu.

H_1 ditarima, lamun nilai sig, (signifikan) $\geq 0,05$

H_0 ditolak, lamun nilai sig, (signifikan) $\leq 0,05$

3.1 Uji Hipotésis

Uji hipotésis dina ieu panalungtikan dilakukeun pikeun nangtukeun ditarima atawa hentena hipotésis. Aya dua cara nalika nangtukeun uji hipotésis. Saupama hasil data anu normalitas nunjukeun hasil yén éta data téh miboga distribusi data anu normal, ku kituna éta data téh dina nguji hipotésisna ngagunakeun statistic parametris kalawan ngagunakeun *t-tes*, sedengkeun saumpama data téh teu miboga distribusi anu teu normal, ku kituna pikeun nguji hipotésisna ngagunakeun statistic non-parametris kalawan ngagunakeun *Wilcoxon match pairs Test*.

Pikeun nangtukeun ditarima atawa henteuna hipotésis dumasar kana kritéria ieu di handap.

H_0 (Hipotésis nol) = Teu aya bédana kamampuh nulis artikel siswa kelas XII IPA-1 SMA Negeri 6 Kota Cimahi saméméh jeung sanggeus ngagunakeun modél *Round Table*.

H₁ (Hipotésis alternatif) = Aya bédana kamampuh nulis artikel siswa kelas XII MIPA-1 SMA Negeri 6 Kota Cimahi saméméh jeung sanggeus ngagunakeun modél *Round Table*.